

# yon prensip konduit pèsònèl

## Atitid



*“Byennere moun ki genyen kè pi, yo va wè Bondye”  
Matye 5:8*

By John E. Schrock

*Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.*

Atitid—“Webster” dekri li tankou yon posti, etadespri yon moun oswa dispozisyon li. Nou tandè pale anpil sou atitid mantal pozitif yon moun. Atitid se bòn oswa movez dispozisyon yon moun. Donk, lè nou rankontre yon moun, nou kapab fasilman detèmine etadespri moun sa swivan atitid li. Sitasyon nou li piwo an, “Byennere moun ki gen kè pi” di nou ke moun ki nan etadespri ki bon---ki gen bon sans, ki estab, rasyonèl epi pozitif—se moun sa yo ki byennere, ki beni. Rezilta—yo va wè Bondye. Men, kijan pou nou fè pou nou rive genyen yon atitid mantal konsa, yon etadespri ki vreman bon?

Premyèman, nou dwe kontwole lespri nou. Nou dwe disipline li epi nourri li ak manje lespri ki bon pou sante li. Nou dwe devlope li selon yon kòd oswa yon ekip valè predetèmine sou kisa nou vle ye demen. Lespri nou se tankou yon misk, nou gendwa devlope li ak egzèsis. nou kapab antrene li epi disipline li pou l fonksyone selon volonte nou.

Dezyèmman, nou dwe chwazi desten nou; sa vle di nou dwe chwazi pou nou tounen yon bagay tankou yon moun pozitif, byennere epi ki genyen sikè. Yon lespri pa kapab pozitif san yon direksyon oswa yon liy pou li swiv. Li va konsantre l sou yon bagay ; si nou pa bali yon direksyon, li va ale nan chemen kote li jwenn mwens rezistans la. Pou nou kapab byennere, fòk genyen bagay ki rive. Pou nou kapab jwenn sikè nou dwe genyen yon bi. Epi pou nou kapab pozitif nou dwe konsantre nou sou « mwen kapab » epi « mwen vle », pandan nou nan misyon pou nou konekte ak desten ki prewva pou nou.

Twazyèmman, nou dwe wè pilwen pase prezan. Nou va rankontre pwoblèm sou wout kote n ap cheche lebone ak sikè.

Nan tout sitiyasyon nou dwe wè lavni sa ki va fè nou fè yon pa ki va rapwoche nou ak objektif nou. Sa pote lespwa e lespwa ankouraje epi motive nou pou nou aji pou nou sòti nan pwoblèm. Nenpòt lè nou genyen panse dekouraje, nou dwe rekonsantre ou sou objektif nou ak rekonpans k ap tannou lè nou venk difikilte.

katriyèmman, nou dew genyen bon fondasyon. Krè se yon bagay, men gendwa pou krè se yon lòt. Konfesyon pozitif nou dwe baze sou laverite si nou vle genyen rezilta pozitif. Senpleman paske w deside pa krè nan gravite sa pa vle di li pèdi efè li. Pou chak bi dwe genyen yon rezon ki kòrèk; pou chak rèv fòk genyen yon bon motif, epi pou sikè fòk genyen prensip ki kòrèk yo. Se pwoblèm k ap siveye sikè ; pou nou genyen medaydò a fòk nou rezoud pwoblèm yo. Pou rezoud pwoblèm yo nou bezwen kouraj ak pèsistans. Alòs se yon eksperyans aprantisay kijan pou vin genyen medaydò a. Alafen, sa nou aprann lè nou genyen meday la gen pli valè pase meday la limenm. Tankou Seyè a di, “Byennere kè ki pi (etadespri ki kòrèk).” Yo va wè Bondye, oswa genyen medaydò a. Epi, byennere moun ki devlope etadespri ki kòrèk, paske yo va wè Bondye oswa dekouvri Bondye

dèyè tout sitiyasyon oswa pwoblèm.

Yon fwa nou atenn etadespri sa a, atitid nou ap pozitif paske pwoblèm p ap fè nou pè paske nou konnen sa ki dèyè yo. Se tankou yon lachas trezò, kote nou toujou ap gade pilwen pase sitiyasyon yo. Anfèt, nou kapab vin danjerezman pozitif, kote nou tèlman vin pagen laperèz nou t a kapab fè bagay ki pa gen sans kote nou pèdi kontak ak realite.

Yon atitid pozitif va bannou yon gran lavni. Yon atitid negatif va genbe nou kole ak leprezan, ak yon ti pwogre toupiti. Toulede kapab lakòz estrès, moun ki negatif ap enkyete yo epi yo gen laperèz, pandan moun ki pozitif ap pouse pou yo kapab konkeri. Men byennere moun ki genyen kè pi paske yo va wè Bondye nan tout bagay epi resevwa bagannò pwopserite wa a.

*Prensip sa fè pati pwogram yon lane devlopman karaktè :*

**Fondasyon pou Sikè.**

### Panse pou medite:

Si nou fè sa nou konnen nou dwe fè, tout chans t a dwe bòkote pa nou.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete